

Pou Piblikasyon Imedya: 07/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ ANONSE KONPAYI 43NORTH YO TE KREYE PLIS PASE 400 DJÒB NAN REJYON LWÈS NEW YORK

*Yon gwo pa te Anonse Pandan Evènman Inogiral Ignite Buffalo JobCade la, ki te Prezante Startup ak Ti Biznis Lokal yo ki Bay travay pou Plis pase 200 Djòb yo*

Gouvènè Andrew Cuomo te anonse jodi a konpayi ki nan pòtfèy 43North yo te kreye plis pase 400 djòb nan Rejyon Lwès New York. 43North se yon konpetisyon pou startup ki envesti 5 milyon dola pou atire konpayi startup nan Rejyon Lwès New York epi devlope kwasans yo nan rejyon an. Depi lansman konpetisyon lan an 2014, 43North te envesti nan 44 konpayi.

“43North ap Rejyon Lwès New York pou vini yon sant florisan pou startup yo epi bati yon mendèv nan rejyon an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou pral kontinye sipòte konpetisyon ki atire anpil atansyon sa a ki pote biznis inovan pou Buffalo, nan kreye djòb pou lavni yo epi nan ede ekonomi lokal la kontinye sou trajektwa kwasan li a.”

“Konpetisyon inovan 43North la ap bay kwasans djòb reyèl epi ogmante repitasyon Buffalo kòm yon lidè nan ankouraje devlopman konpayi startup wot teknoloji yo”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Mwen te temwen dabò siksè konpayi 43North yo te reyalize, epi gwo pa enkwayab sa a montre enpòtans kontinyèl inisyativ sa a. M pa ka tann pou wè pi plis konpayi kòmanse vwayaj yo epi fè siksè nan Rejyon Lwès New York.”

Konpetisyon 43North la sipòte ak yon 55 milyon dola ki soti nan Eta New York, gen ladan l finansman ki soti nan Empire State Development ak Otorite Enèji New York (New York Power Authority) la. Anplis 5 milyon dola nan investiman kach yo, ganyan konpetisyon yo relocalize nan Buffalo kote yo resevwa espas enkibasyon gratis pou yon ane, direktiv nan men konseye yo ki gen rapò ak domèn yo a epi jwenn aksè ak lòt pwogram prim ankourajman pasyonan tankou START-UP NY, yon pwogram ki rann konpayi yo kapab fonksyone san taks nan Eta New York pandan 10 ane. Konpayi 43North yo atkyèlman ap bay travay ak plizyè douzèn pòs vakan.

Anons gwo pa pou djòb la te fèt pandan evènman inogiral Ignite Buffalo [JobCade](#) a jodi a. JobCade te prezante twa douzèn startup ak ti biznis ki soti nan tout Rejyon Lwès New York k ap rekrute pou plis pase 200 djòb ak estaj nan 500 batiman Seneca a nan Buffalo. Ignite Buffalo, avèk sipò 43North, ACV Auctions ak Kanpis Medikal Niagara Buffalo (Buffalo Niagara Medical Campus) a ki te prezante fwa djòb la, ki te gratis epi lip pou piblik la. Moun k ap chèche djòb yo te gen yon opòtinite pou rankontre fas pou fas ak anplwayè potansyèl yo; resevwa konsèy ekspè sou kourikoulòm vite yo ak abilite pou entèvyou; yo te patisipe nan yon happy hour ak rezotaj ACV Auctions te

prezante; epi te yo genyen foto vizaj pwofesyonèl yo ki te fèt pou LinkedIn, se Kanpis Medikal Niagara Buffalo a ki patwone sa.

**Prezidan Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development la Howard Zemsky te deklare,** “Gras lajman ak 43North, Buffalo ap vini yonn nan sant inovasyon peyi a, yon espas kote startup antreprenaryal yo ap vini pou pwospere epi kreye djòb lavni yo”.

**Prezidan Konsèy 43North la Eric Reich te deklare,** “Sèn startup Buffalo a se yon woulo - epi pòtfey konpayi 43North yo ap jwe yon wòl enpòtan nan konstwi momentòm sa a. Startup pwometè sa yo te leve plis pase 200 milyon dola nan kapital pou risk depi yo te resevwa envestisman ki soti nan 43North, epi mwen kontan anpil paske yo kreye konye a plis pase 400 djòb nan kominote nou an”.

**Prezidan 43North la Alex Gress te deklare,** “43North konsantre sou atire startup ki gen klas mondyal yo nan Buffalo epi ede yo grandi ak pwospere nan kominote nou an. Yonn nan fason nou asiste konpayi nou yo se nan bay sipò nan rekritman, pou rann li pi fasil posib pou tire avantaj nan mendèv ki travay di a, ak ki wotman kalifye a nan Buffalo. Jodi a nap selebre 400 djòb Rejyon Lwès New York yo konpayi 43North yo deja kreye yo, pandan n ap wè gwo pa sa a kòm avans peman ki fèt bonè sou benefis revolisyone nou kwè konpayi yo pral bay Buffalo nan mwa ak ane k ap vini yo”.

**Prezidan Otorite Enèji New York la John R. Koelmel te deklare,** “Plizyè douzèn konpayi te dirije yo dwat nan Rejyon Lwès New York la gras ak vizibilite ak siskè konpetisyon 43North la. Otorite Enèji New York la angaje li totalman nan envestiman ak inovasyon, epi nan bay sipò ak ankadreman ak biznis ki fèk etabli yo. Nou kontan pou nou wè ane apre ane 43North ap ankouraje kwasans djòb nan endistri emèjan an epi dinamize tout rejyon an”.

**George Chamoun, Direktè Egzekitif Jeneral ACV Auctions te deklare,** “ACV Auctions fyè pou li rele Buffalo lakay li epi paske li te akeyi plis pase 260 manm nan kominote a nan ekip nou an. Nou gen plizyè douzèn pòs vakan nan Rejyon Lwès New York, epi nou ankouraje moun nan kominote a k ap chèche djòb yo pou rejwenn nou tandiske nou kontinye ap grandi epi revolisyone endistri anchè otomobil vant an gwo a”.

**Nicholas Clermont, Ofisyè Konsepsyon an Chèf nan SomaDetect te deklare,** “SomaDetect gen yon eksperyans trè pozitif nan bay travay ak talan nan Rejyon Lwès New York. Depi nou te vini Buffalo a, nou te bay travay ak onz anplwaye tan plen, de tan pasyèl ak de kontraktyèl nan rejyon an. Nou gen aktyèlman 12 pòs disponib pou kominote Buffalo a nan devlopman pwodui, biznis, ak operasyon. Nou ankouraje sila yo ki kalifye pou aplike”!

**Ryan Carroll, Direktè Resous Zimèn ak Akizisyon Talan nan CleanFiber te deklare,** “CleanFiber sipòte kwasans li nan atire anplwaye nan tout nivo òganizasyon nou an ki soti nan basen talan kandida yo nan Buffalo. Nouvo manm ekip nou an pote pasyon ak antouzyas pou misyon nou an epi yo pat ka pi kontan pou kontribye nan ekosistèm lokal la atravè travay yo nan CleanFiber. Nou atann nou pral atenn objektif nou yo pou bati yon mendèv divèsifye pi bonè pase sa n te panse, gras ak mendèv kalifye Buffalo ofri a”.

**Liz Tsai, Direktris Egzekitiv Jeneral nan HiOperator te deklare,** “Ekip HiOperator a vrèman kontan pou li nan Buffalo! Nap jwenn talan nou bezwen yo nan Rejyon Lwès New York pou ede alimante kwasans kontinyèl nou an - se pou sa nou te bay travay ak plis pase 15 nouvo moun nan Buffalo nan mwa ki pase yo epi nou ap kontinye bay travay nan preske pratikman tout pòs yo”.

**Senatè Tim Kennedy te deklare,** “Gwo pa sa a - 400 nouvo djòb konpayi 43North yo kreye yo - se toutfwa yon lòt egzanp renesans etonan Buffalo a. Envestiman Eta New York nan vizyon 43North la pou yon kilti startup dinamik epi pasyonan deja ap bay rezilta, epi mwen atann pral gen plis anons konsa k ap vini. Felisitasyon pou ekip nan 43North la ak pou biznis yo ki chwazi mete konfyans yo nan moun Vil Buffalo”.

**Lidè Majorite nan Asanble a Crystal D. Peoples-Stokes te deklare,** “Nou felisite 43North lè li reyalize gwo pa sa a nan kreye plis pase 400 nouvo djòb nan Rejyon Lwès New York. Konpetisyon 5 milyon an plis pase yon envestisman nan biznis startup men tou se yon envestisman nan lavni alontèm tout rejyon an”.

**Majistra Buffalo a Byron W. Brown te deklare,** “43North se yon patenè enpòtan pou administrasyon mwen an nan renesans Buffalo a epi li ede bati ekosistèm antreprenaryal Vil la depi kreyasyon li an 2014. Mwen remèsye antreprenè yo pou desizyon yo pou devlope biznis yo isi a nan Vil Buffalo epi paske yo kreye plizyè sentèn djòb pou abitan nou yo. 43North se yon lòt eleman ki gen siksè nan plan envestisman Buffalo Billion Gouvènè Cuomo a pou Buffalo ak Rejyon Lwès New York”.

### **Enfòmasyon sou 43North**

43North se yon konpetisyon ki envesti 5 milyon dola anyèlman pou atire epi devlope startup ki gen wot kwasans nan Buffalo. Pòtfev konpayi 43North yo resevwa tou espas enkibasyon gratis nan Buffalo pou yon ane, direktiv ak konseye ki nan domèn ki an rapò yo, ak aksè ak pwogram prim ankourajman yo tankou START-UP NY la. 43North fonksyone atravè sipò inisyativ Buffalo Billion Gouvènè Andrew Cuomo la, Empire State Development ak plizyè lòt esponsò. Pou plis enfòmasyon sou 43North, vizite <https://protect2.fireeye.com/url?k=c1e9dc41-9dd17b23-c1eb2574-000babd9f75c-e458d56e79525696&u=http://www.43north.org/>.

### **Enfòmasyon Sou Ignite Buffalo**

Ignite Buffalo se yon sibvansyon pou ti biznis ak yon pwogram ankadreman 43North, Facebook, M&T Bank, ak lòt patenè te etabli pou pwomouvwa kwasans dirab, kreyasyon djòb, ak edikasyon kontini nan Buffalo, NY. Pwogram nan bay aksè ak ekspè endistri yo atravè programasyon ak resous gratis, epi 1 milyon dola nan sibvansyon yo te bay 27 ti biznis pou ankouraje kwasans ekonomik nan rejyon an. Pou aprann plis sou Ignite Buffalo, vizite [ignitebuffalo.org](http://ignitebuffalo.org).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)